APRANN RINMIN

SA TOUT JINNFI AK JINNGASON DOUÉ KONNIN

Sé Jan-Mari Etièn
ki té fè tradiksion ak adaptasion ti liv
«Aimer Demain», D. Sonè té ékri-a.

Sonè, D.
"

APRANN RINMIN

SA TOUT JINNFI AK JINNGASON DOUÉ KONNIN

Sé Jan-Mari Etièn
ki té fè tradiksion ak adaptasion ti liv «Aimer Demain», D. Sonè té ékri-a.

11

HQ35
.S573
1970z x

Jinnfi, jinngason,

Min ti liv nou tap tann lan! Dé jé kontré manti kaba. Kounié-a, pèsonn pa kab ban nou ni movè konsèy, ni manti sou afè rinmin an.

Nan épòk nap viv la, nou ouè jinn moun yo boulvèsé. Yap pozé anpil késion sou problèm gason ak fi. Tout bagay vi-n tèt anba. Yo pa konnin ni sa ki byin, ni sa ki mal. Poutèt sa, ti liv APRANN RINMIN an parèt atan pou édé jinn moun yo rézoud anpil ti problèm kap trakasé yo, épi pou ba yo plis limiè sou afè rinmin an nèt. Ti liv la ap montré nou kijan kò gason ak kò fi sé yon gro mèvèy ki mérité anpil réspè. Lap éspliké nou mèvèy lavi yon ti bébé nan vant manman li. Lap fè nou konprann sa ki rélé rinmin tout bon vré. Sé pa chaché gin yon moun pou kont ou, min sé dévouman youn pou lòt san gadé dèyè.

Sé pa tout granmoun ki konn palé avèk timoun yo sou bagay konsa. Min, sé pa fi-n fòt yo nèt. Gin anpil bagay, minm yo minm, yo pat ka éspliké tèt yo. Lèfini lasians pat ankò dévlopé konsa. Gin anpil moun tou ki té kouè kozé konsa pat palé sou moun.

Kounié-a lasians pi dévlopé. Moun savé yo rivé éspliké anpil bagay. Sé konsa, gin anpil liv ki konmansé parèt sou travay pati jénital fanm ak gason. Min, avèk sa, vi-n gin yon lòt danjé kap minnasé nou. Alèkilé, anpil moun kouè dinpi yo fi-n konnin tout sa ki ginyin nan pati jénital fanm ak gason, yo bon nèt. Epi sa rété la. Min non! Sé pa vré minm. Yo bliyé sa-k pi inpòtan nan lavi yo, sé pa pati jénital fanm ak gason sèlman, min sé konn kijan pou ou sèvi avè-l : ki vlé di sé konn sa ki rélé rinmin, sé dévouman youn doué gin anvè lòt. Nan késion sa-a, gin anpil papa ak manman ki té konn bay bon égzanp.

Fòk nou étidié kò nou, ak pati jénital nou, pou nou kab dékouvri gro mèvèy ki kaché nan kò nou. Min tou, fòk nou pa janm bliyé sa-k pi inpòtan nan tou sa-a, sé rinmin tout bon an. Rinmin tout bon an sé pa yon sinp kado Bondié ban nou, min sé yon vokasion minm. Nou gin pou nou aprann fè sa dinpi nou tou piti. Sé poutèt sa, liv sa-a rélé : APRANN RINMIN.

Atansion ! Liv sa-a, sé pa yon liv nou kab li yon sèl kou non ! Si nou vlé konprann tou sa ki ladan-l byin, fòk nou pa li-l trò vit. Lèfini, si gin kèk bagay ladan-l nou pa konprann, sé pou nou mandé papa nou, manman nou, profésè nou, monpè, mamè, chèsè, pastè nou, oubyin ninpòt lòt granmoun ki gin bon konprann, pou éspliké nou tout bagay pi byin. Yap byin kontan édé nou, paské yap ouè noù vlé konprann lavi. Epi, li ta bon pou dirèktè lékòl yo, profésè yo, ak tout lòt moun ki réskonsab édikasion timoun yo, sèvi ak liv la tankou yon liv lékòl, pou fè lèkti, pou bay léson, paksé timoun yo bézouin sousé liv la ti-kras pa ti-kras, jouk yo fi-n nannan tout.

Aksion Familial Dayiti
Rue des Casernes No. 65
B. P. 538
Port-au-Prince.

Ala bèl bagay sé rinmin !

Minm si m-ta konnin sékrè tout bagay sou latè,
minm si m-ta konnin tout sians,
minm si m-ta rich, minm si-m-ta gin anpil byin, anpil tè,
si m-pa konn rinmin, m-pa anyin.

Chin miyô pasé-m.

Moun ki rinmin gin pasians, li gin bon jan,
li pa fè jalouzi, li pa fè grandizè, li pa fè insolansté.

Li pa fè sa-k dézonèt, li pa chaché avantaj pa-l, li pa fè kolè,
li pa kinbé moun nan kè-l.

Li pa kontan lè li ouè linjistis,
min li mété tout kontantman-l nan lavérité.

Li sipòté tout bagay, li kouè tout bagay,
li éspéré tout bagay, li andiré tout bagay.

Rinmin-an pap janm tonbé.

(daprè 1 Kor. 13, 2-8.)

ALA BEL KO NOU BEL!

O! Gadé jan sa bèl, non! Lanmè-a blayi kò-l tankou lap dòmi. Bò koté-l, anpil bèl piéboua avèk fèy byin vèt. Ti zouazo yo ta kontan vi-n rété la ! Sa sé youn nan anpil bèl bagay Bondié kréyé yo.

Min, nan pouin anyin ki pi bèl pasé kò yon gason ak kò yon fi. Nou pap janm bouké admiré kò yon moun. Kò nou, sé vrèman vré yon bèl mèvèy!

Kò nou si tèlman bèl, tout bòs pint, tout atis rinmin pran-l pou modèl, pou yo fè désin sou papié, pou yo fè éstati. Tout fotograf rinmin pran foto kò moun. Sa bèl vré! sé yon mèvèy nou pap janm bouké gadé.



Kò nou sé yon bèl mèvèy. Li tankou yon machi-n, min li pi byin fèt toujou. Tout ti pati nan kò nou byin fèt. Epi yo tout gin ròl pa yo, yo tout gin travay pa yo pou yo fè. Ann gadé sèvo nou : sé li ki kontrolé tout kò-a nèt nan tou sa lap fè. Sé li ki fè nou aprann lékòl, ki fè nou konprann tout bagay. Jé nou, sé youn nan pi piti aparèy kodak pou pran pòtrè. Avèk li nou kapab pran yon bann pòtrè chak jou. Zòrèy nou, san li nou pap tandé. Kè nou, sé la lavi nou chita. Si-l rété, tout bagay fini pou nou. Li ponpé 3.000 galon san nan vinn nou chak jou. Foua-a minm, sé yon gro laboratoua ki paré anpil likid nésésè pou dévlòpman kò nou. Nou gin yon lòt pati nan kò nou ki inpòtan anpil tou : sé pati jénital yo. Pati sa yo konsékan anpil, paské sé yo ki pinmèt nou fè pitit, sé ak yo nou sèvi pou bay lavi. Poutèt gro pouvoua sa yo gingnin an, pati jénital nou mérité pou nou étidié yo, pou nou konsidéré yo anpil, pou nou admiré. Yo si tèlman gin valè, nou pran abitid kaché yo, pou nou protéjé yo.



Yo rélé pati nan kò nou ki kapab bay lavi **pati jénital.** Sé granmési pati jénital sa yo, yon msié ak yon madanm kapab fè pitit. Pa jénital mésié-a

paré yon bann ti jèm, yo rélé **éspèmatozoyid.** Pati jénital madanm lan minm, bò koté pa-l, paré yon ti zé ki rélé **ovil.** Lè yonn nan ti jèm mésié-a kontré ak yon ti zé madanm lan, la minm toulédé fè youn : sa banou yon ti zé ki paré pou grandi. Ti zé sa-a, sé déja yon ti pitit ki konmansé ap viv nan vant manman-l. Pitit la tou piti, sé vré ! min sé yon moun li yé. Li pral rété 9 moua nan vant manman-l pou-l pran fòs ak vitami-n pou-l dévlopé.

I. Pati jénital fanm yo

Kounié-a, annou étidié pati jénital yo nan tout ti détay yo, pou nou kab konprann ròl yo byin. Annou konmansé ak kò yon fi. Nan lòt chapit la, na pran kò yon gason.



Pati jénital yon fi kaché anndan kò li, anba ti vant li. Sé sa-k fè nou pa kab ouè yo byin. Gadé pòtrè-a byin pou nou ouè kijan pati jénital yo ranjé : Nou ouè, sou chak bò gin 2 ti boul : yo rélé yo **ovè.** Sé 2 ti boul sa yo ki paré **ovil** la (ki vlé di : ti zé ki pral kontré ak jèm papa-a pou bay pitit la). Nan mitan, nou ouè yon chanm vid, yo rélé-l **matris.** Sé la,

nan ti chanm sa-a ti pitit la pral rété pandan 9 moua pou-l dévlopé. Pi ba ti chanm lan, nou ouè yon kannal, yo rélé **vajin** (ou bouboun). Lè mésié-a an kontak ak madanm li, sé nan vajin an li dépozé yon pakèt ti jèm ki pral kouri kontré ak ti zé ki nan vant manman an. Annou étidié tout ti pati sa yo plis an détay, youn aprè lòt.

Sé ovè yo ki pi inpòtan nan pati jénital yon fi. Yon fi gin 2 ovè, youn agòch, youn adouat matris la. Ovè yo grosè yon grinn zanmann. Poukisa fi yo gin ovè? Enbin, ovè yo fè 2 travay diféran :

1) chak moua yon ovè gin pou paré yon **ovil.**

2) ovè-a gin yon lòt travay éspésial li fè ankò. Sé yon dlo li bay ki pasé nan san fi-a, ki transfòmé kò li, ki fè fi pa sanblé ak gason. Dlo ovè-a bay pou transfòmé kò fi-a, yo rélé-l **òmo-n.**

OVI L.....



nannan-an

èspèmatozoyid

Prémié travay ovè-a paré, sé yon ovil. Ovil la sé zé manman an bay. Sé yon ti grinn tou piti piti. Yon ti grinn pitimi oubyin yon ti grinn diri pi gro anpil pasé-l. Fòk ou ta mété minm 20 ovil ansanm pou li ba ou grosè yon grinn pitimi. Ou pa bézouin mandé jan-l piti. Ovil la tou ron, tankou yon zé. Nan mitan li, gin yon ti pouin fonsé, sé li ki nannan-an. Nan nannan sa-a, nou ouè yon bann ti fil, yo rélé **kromozòm.** Sé ti fil sa yo ki pral fè pitit la sanblé ak manman-l, ak fanmi bò manman-l.

Nou ṣot ouè sé ovè-a ki paré ovil la.Li paré yon lòt bagay ankò : li lagé nan san fi-a yon dlo éspésial pou transfòmé kò li. Sé dlo sa-a, nou rélé òmo n. Sé òmo-n sa-a ki fè fi-a pa gin minm fòm kò ak gason. Sé òmo-n lan toujou ki fè tété-l dévlopé, lè lap rantré nan kouasans, lè lap kité éstad timoun pou-l tounin jinnfi. Omo-n lan fè anpil lòt chanjman toujou nan kò fi-a.



Gadé anro chak ovè, nap ouè yon branch kannal ki minnin nan matris la. Sé 2 kannal sa yo yò rélé **tronp.** Tronp sa yo sèvi pou ovil la pasé sot nan ovè-a, chak moua, pou alé nan matris la. Ki donk, lè ovil la kité ovè-a sé nan tronp la pou-l glisé kò-l jouk li rivé nan matris la.

2 kannal tronp yo konmansé nan tèt chak ovè pou y-al débouché nan pouint ti chanm vid ki nan mitan an. Chanm sa-a, sé li yo rélé **matris la.** Sé tankou yon ti nich, osinon yon ti bèso pou résévoua yon ti bébé. Sé mèt vant la. Lè yon madanm ansint, sé la pitit la rété pandan 9 moua.

Tout anndan matris la kouvri ak yon ti po fin fin, sé po matris la. Sé chak moua matris fi-a paré ti po sa-a, tankou yon dra pròp pou résévoua ti bébé-a. Paské sé sou po sa-a ti pitit la pral chita pou-l jouinn tout sa li bézouin pou-l dévlopé. Min, sé pa tout tan yon madanm ansint ! Lè fi-a pa ansint, po matris la ap toujou fòmé. Lap tann 4 séminn. Si li pa résévoua okinn ti bébé nan délè sa-a, inbin ! ti po-a dékolé pou kont li sou anndan matris la. Lap mandé soti. Lè sa-a, fi-a ap gin yon ti émoraji san. Sé tout ti po fin an nèt kap dékolé, tonbé sot déyò nan vajin fi-a. Sé lè sa-a tou, nou di fi-a gin règ li. Sa rivé chak moua, dépi fi-a pa ansint.





Vajin an (bouboun) sé yon trou ki anba ti vant fi-a. Fon trou-a koréponn ak bout anba matris la. Lè yon mésié an kontak ak madanm li, sé nan trou sa-a mésié-a dépozé ti jèm pa-l yo touprè matris la.

Bouch vajin an parèt pa déyò nan yon fant ki louvri nan mitan dé janm fi-a. Sé sèl pati sa-a nou kab ouè nan pati jénital yon fi. Fant lan gin dé ti moso po chak bò ki sèvi tankou dé batan pòt pou fèmin bouch trou vajin an. Si nou gadé byin nan fant la, nap ouè : anro bouch trou vajin an, gin yon lòt ti trou koté fi yo fè pipi. Atansion ! Pi-nga nou konfonn 2 bouch trou sa yo ki nan fant lan : youn sé pou fi-a fè pipi, lòt la sé trou pòt vajin an. Dé trou sa yo tou kolé, sé vré ! Min, yo pa minm. Anpil jinnfi pran youn pou lòt. Paské pati kap bay lavi-a toupré pati pou fè pipi-a, jinnfi yo pa doué néglijé fè pròpté nan tout pati sa yo.

CHAK MOUA
FI-A PARE
YON ZE + YON NICH

REC R

PERIOD FI-A PRAN
APEPRE 4 SINMINN

Pati jénital fi-a konpliké anpil. Min, sé yon gro mèvèy li yé. Chak moua, ouè pa ouè, dépi fi-a pa ansint, fòk li gin règ li. Règ, sé san ki koulé nan vajin fi-a chak moua. Aprè fi-a fi-n gin règ li sinminn sa-a, sé pou li tann 4 sinminn ankò anvan règ la tounin. Sé tan sa-a, ant dènié règ la ak règ kap vini an, yo rélé périòd fi-a. (Gin fi, lè yo gin règ yo, yo di sé périòd yo ki rivé.)

Anvan fi-a gin règ li, gin anpil travay kap fèt nan kò li, san li pa konnin. Min, sa ka aji sou karaktè li. Pati jénital li pral paré 2 bagay : yon ovil (ti zé) ak yon ti kouvèti nèf pou nich la. Pa bliyé : ovil la, sé nan ovè-a li sòti. Ti kouvèti nich la minm, sé ti po ki parèt sou tout anndan matris la. Sé li nou rélé «po matris la». Li tèlman mou, tèlman byin ranjé, li fè matris la sanblé ak yon ti nich vré. Sé ti nich sa-a kap résévoua ti pitit la, si madanm lan ta rivé ansint. Toujou sonjé anvan yon fi gin règ li, kò li paré yon ovil ak yon ti po nèf pou nich la.
Annou rantré plis an détay toujou, pou nou ka konprann bagay la pi byin



Annou sipozé fi-a gin règ li. Règ la pran 4 ou 5 jou konsa pou-l koulé. Lè fini lap rété. Lè sa-a, ovè fi-a tanmin travay ankò. Ovè-a sé tankou yon ti bouat sékrè. Nan ovè-a gin yon bann ovil ki pòkò mi. Sé chak moua gin yon ovil ki mi. Lè ovil la bon, ovè-a ap mété-l déyò.

Pandan tout tan sa-a, nan matris la minm, gin yon travay tou kap fèt. Ti po fin an konmansé prèt pou li fè anndan matris ja sanblé yon ti nich (yon ti bèso) byin paré, byin kouvri kap tann yon ti bébé.
Konsa, nou ouè nan konmansman chak moua, anvan fi-a gin règ li, gin 2 travay kap fèt :

1) yon ovil kap mi pou-l ka soti nan ovè-a.

2) ti nich la kap métè yon lòt po.



Nan mitan moua-a, anvan fi-a gin règ li, ovil la fi-n bon nèt, li mi, li mandé soti kité ovè-a. Li pran chimin tronp la, ki vlé di kannal ki minnin nan matris la. Sé lè sa-a nou di gin ovilasion. Ki fè gin ovilasion chak moua, lè ovil la soti nan ovè-a. An minm tan tou, nan matris la, ti nich la touaka fi-n paré nèt. Ti po-a yon ti jan pi pouès.



Sonjé byin ! Nan ovilasion an, ovil ki mi-a soti nan ovè-a, li pran kannal tronp la pou li. Lè-l rivé la, li rété rété-l, lap tann. Sa lap tann ? Inbin,

lap tann ti jèm gason an. Jèm sa-a, sé mari fi-a ki pou ba li-l, si l-an kontak avè-l. Lè sa-a, li déchajé nan vajin fi-a yon bann ti jèm. Youn nan ti jèm sa yo pral fè youn avèk ovil la. Sé lè rankont sa-a fèt nou di gin **fékondasion.**

Min, si mari-a pa gin kontak ak madanm li, pap gin fékondasion. Ki vlé di, ovil la pap kontré avèk okinn jèm. Lè sa-a, ovil la ap mouri, lap disparèt. An minm tan tou, ti nich la (ti bèso ki té fòmé nan matris la pou tann ti bébé-a) pral konmansé défèt. Po a pral dékolé, tonbé sot déyò, ti moso pa ti moso, ti kras pa ti kras, tankou ti boul san. E sé sa ki règ la. Règ la, sé san kap kou'é pandan 3 ou 4 jou, paské po anndan matris la déchiré. Sa rivé konsa chak moua. Nou ka di, lè yon madanm gin règ li, sé tankou sé kò li kap kriyé poutèt li té fè tout bèl travay sa-a (ovil + nich), pandan yon moua, pou granmési.



Ann ouè si nou té byin konprann tout sa kap pasé chak moua nan kò yon fi. Anro, nan prémié désin àgòch la, nou ouè ovè-a. Tousouit aprè règ la, sa-k pasé nan ovè-a?... gadé dézièm désin ki adouat prémié-a, nou ouè ovè-a konmansé paré yon ovil. Ovil la tanmin mi, lè li fi-n mi nèt, lap soti kité ovè-a. Sé sa touazièm désin an montré nou. Kijan sa rélé ? Ovilasion. Ovil la pral rété nan tronp lan. Si li pa kontré yon jèm ki pou fè youn avèl, lap mouri, épi lap disparèt.

Kounié-a, ann gadé prémié désin anba-a. Ki sa li yé ? Sé désin matris la. Pandan fi-a gin règ li, matris la ap sinyin. Min, aprè règ la fi-n rété, ti

po fin an konmansé ap réfèt. Pa bliyé ti po sa-a minm, chak jou lap vi-n pi pouès. Aprè ovilasion an, li déja tou paré tankou yon linn byin pouès pou résévoua yon tibébé. Lè périòd fi-a fini, si pa gin fékondasion ki fèt, ti po-a ap détaché pou kont li. Fi-a ap gin yon ti émoraji san pandan 3 ou 4 jou. Sé sa ki règ la.



Pòtré sa-a montré kijan karaktè fi-a kapab chanjé, avèk tout travay sa yo kap fèt chak moua nan kò li. Chanjman kap fèt nan kò li chak moua konsa, lakòz gin chanjman nan karaktè li, nan santiman ki nan kè li tou. Lè fi-a fi-n gin règ li, li santi li ta volé, kè li pi kontan pasé lè li pral gin règ li. Yon jinnfi ki konnin tèt li byin pap sézi lè li ouè, yon jou kè li kontan, li anvi chanté, li ta dansé, lap ri tout lajounin épi yon lòt jou kè li tris, li anvi kriyé, li faché pou angnin. Min, tout jinnfi fèt pou aprann kontrolé santiman yo ak karaktè yo, pou lòt moun pa soufri poutèt chanjman sa yo.

Pa konprann pati jénital yon fi konmansé travay dépi li fèt. Non! Sé lè tifi-a konmansé grandi, li vi-n jinnfi, kò li ap sibi yon pakèt chanjman, yon pakèt boulvèsman. Epi yon kout voup ! yon jou konsa, pati jénital li

konmansé travay. Boulvèsman sa-a fèt vè laj 12 — 15 an. Lè sa-a yo di tifi-a ap fòmé. Lè li fi-n fòmé, yo di li fè kouasans li.

Pi gro sign ki pou montré fi-a rivé nan kouasans li, sé lè li ouè prémié règ li parèt. Prémié foua sa-a, sé pou fi-a kontan anpil ! Kounié-a li kapab di li fanm tout bon, san manké moso. Li konnin yon jou li ka vi-n manman. Prémié règ sa-a, sé yon gro kontantman, sé yon bon nouvèl ki chajé ak anpil éspoua.

Minm jan kò fi-a ap chanjé, konsa tou karaktè li ap chanjé tou. Anvan sa, li té yon tifi, kounié-a papa ! li vini yon démouazèl tout bon, yon gran jinnfi. Pandan kouasans la, fi-a ka pi banda, pi chèlbè. Konsa tou li ka pi fèmin. Li ka pi kaprisièz ; konsa tou, li ka gin kè nan min. Lè sa-a, li ka pasé tout lajounin léspri-l byin louin ; konsa tou li ka pi désidé nan travay li, nan étid li. Karaktè-l ap chanjé tout tan.



Kouasans la pa rivé minm lè pou tout fi. Gin fi kouasans yo rivé pi bonè. Gin lòt li rivé pi ta. Nou pa bézouin kasé tèt nou pou sa, si règ la pòkò vini anvan nou gin 15 zan. Gin tifi ki cho pou yo ouè prémié règ yo. Fòk yo konnin, règ la pap janm vini anvan lè-l. Epi tou gin kèk sign nan kò fi-a kap fè konnin règ la pa trò louin. Pa égzanp, lè fi-a rémaké ranch li vi-n pi laj, tété li vi-n kanpé, sitou lè-l ouè kèk ti poual konmansé parèt nan anba ti vant li. Lè sa-a, li mèt gin éspoua prémié règ la pral parèt nan 6 moua konsa. Si règ la pa ta vini nan délè sa-a, li ta bon pou fi-a al kay doktè.

Règ la sé yon sign yon jou yon fi ka vi-n manman

Sé sèl règ la ki pou fè ou konnin pati jénital fi-a ap fè travay yo nòmalman. Sé sa ki fè règ la gin tout inpòtans li.
Gin moun ki kouè sé yon maladi. Sé pa vrè. Règ la sé po anndan matris la, nich ki té paré ap tann bébé-a nan vant fi-a, ki dékolé tonbé chak moua. Odinèman, règ la pa fè soufri. Si nou ouè règ la soti pou fè nou mal anpil, li ta bon pou nou kouri kay yon doktè. Min nòmalman, règ la pa doué bay tròp problèm. Epi, dépi yon fi byin konprann règ la sé yon bèl promès pou lavni, lap sipòté tout ti traka règ la té kapab ba li ak kè kontan.

Lè fi-a gin 13 ou 15 zan, règ li pòkò ap régilié, li pap parèt chak moua, chak moua. Li ka blijé tann 3 ou 6 moua anvan règ li vini yon dézièm foua. Pati jénital li yo pòkò dévlopé asé pou-l travay nòmalman. Min, pran pasians, tout bagay ap antré nan lòd toutan fi-a ap grandi.

Règ la sé pa yon bagay ki pou fè nou ront. Okontrè, sé yon sign nou ka vi-n manman, minm si yon lè konsa sa ban nou kèk ti problèm. Sa-k pi inpòtan, sé kinbé kò nou pròp toutan... épi toujou fè nou bèl avèk yon bèl ti ri sou bouch nou.

Nou ouè kò nou sé yon mèvèy, tout bon. Fòk nou pran souin-l anpil. Sé pou nou toujou kinbé kò nou pròp. Pou sa, fòk nou souiv tout régléman lijièn. Nou konnin pròpté, sé ti frè lasanté ! Sé pou nou binyin dri nan gran dlo, nan lariviè, nan lanmè. Aprann najé pou kò nou vi-n pi soup, pi bèl. Sé konsa, na montré kijan nou réspékté kò nou. Lèfini, fòk nou dévlopé kò nou avèk bèl dans, avèk éspò, avèk égzèsis fizik (volébòl, foutbòl, maché, kan, ak anpil égzèsis toujou). Pa kouté moun kap di égzèsis fizik sé pou gason.

Lè kò nou malad, fòk nou pran souin-l byin tou. Pa kité sé lè nou prèt pou kaba, pou n-al kay doktè. Sitou lè nou malad nan pati ki bay lavi-a, sé kouri konsilté dòktè tousouit. Paské otan pati sa yo inpòtan, otan tou yo délika.

Jinnfi fèt pou yo toujou kinbé kò yo anfòm, pou yo toujou bèl. Bondié ba yo yon bèl fòm. Yo fèt pou aprann pinyin byin, apran abiyé avèk gou, pou yo toujou banda. Sa pa vlé di pou fi-a maské figi li avèk yon pakèt pinti ridikil. Yon jinnfi 15 zan pa bézouin mété okinn grimas nan kò li pou li bèl. Li déja bèl. Nan laj sa-a tout fi gin yon boté natirèl.

Tout jinn fi konnin poukisa pou yo pran souin kò yo anpil konsa. Sé paské yon jou, yo ka manman pitit. Sé pou yo kinbé kò yo toujou an santé, byin pròp, byin solid pou yo ka gin timoun kap byin vini pita. (Min, sé pa tout la sa, non ! fòk li gin bon lévasion tou.)

Minm si yon fi rivé pa janm gin pitit pa-l, li konnin li kap jouinn kè kontan, si li édé lòt moun jouinn kè kontan tou, li rinmin yo ak tout kè li Sé poutèt sa yon jinnfi fèt pou dévlopé tout kalité ki nan li, pou dinmin li ka vi-n yon fanm total ki pa pè rann ninpòt sèvis, minm jan ak mad-mouazèl sa-a ki kontan bay ti élèv li yo tout kouraj li pou fè yo aprann lékòl, osinon tankou mis la kap pran souin malad yo avèk anpil pasians.

II. Pati jénital gason yo



Nou sot étidié pati jénital fi yo. Kounié-a, nap pran pa gason an. Nap konprann yo byin vit, paské yo minm yo pa konpliké anpil. Nan pati jénital gason yo, prémié sa nap jouinn, sé 2 grinn yo ki pann nan fant janm gason an. Moun savé yo rélé yo **téstikil.** Sé yo ki paré ti jèm papa-a ki pou kontré ak ovil manman an pou fè pitit. Moun savé yo rélé jèm sa yo **éspèmatozoyid.** Nou ka di éspèmatozoyid yo sé mouatié pitit ki soti nan papa-a, tankou ovil la sé mouatié pitit ki soti nan manman an. Lè jèm yo soti nan grinn yo, yo rantré nan yon kannal ki rélé **kannal déféran.** Aprè kannal déféran an, jèm yo alé nan yon lòt kannal yo rélé irèt ou kannal pipi. Irèt la sèvi an minm tan pou pipi ki nan blad la koulé soti. Kannal irèt la pasé anndan pijon an. Annou étidié tout ti pati sa yo plis an détay.

Yon gason gin 2 grinn, minm jan yon fi gin 2 ovè. Nou té ouè ovè fi yo paré yon sèl ovil chak moua, épi yo bay yon dlo yo rélé òmo-n. Grinn gason yo minm ka paré anpil anpil milion jèm. An plis jèm yo grinn yo paré yon dlo yo rélé òmo-n tou. Omo-n sa-a gin minm ròl ak pa fi-a. Sé yon dlo ki pasé nan san gason an, ki transfòmé kò li dépi nan pié jouk nan tèt, ki fè gason an pa sanblé ak fi



Prémié bagay grinn yo paré sé jèm. Yo sanblé tèt koupé ak ti téta. Nan gro tèt la gin yon nannan. Nan nannan an nap ouè yon kantité ti fil, ki rélé **kromozom.** Sé fil sa yo ki fè pitit la sanblé avèk papa li, ak fanmi bò papa li. Minm jan ak yon téta, li gin yon ké long. Sé ké sa-a ki pinmèt li déplasé pou li kapab al kontré ak ovil la. Ti jèm gason an tou piti piti. Sé yon ti zouit bagay, ou pa kapab ouè-l ak jé konsa. Nou ouè jan ovil la té piti, inbin li pi piti anpil pasé yon ovil. Pran yon kréyon fè yon ti pouin sou yon papié, bon ! ti pouin sa-a ap fè 25.000 (vin sink mil) foua yon ti jèm.



Bondié pa chich. Lè lap kréyé yon bèl bagay, tankou flè, li fè anpil anpil. Gadé yon pié flè, kantité flè li ginyin ! Inbin, sé minm jan pou grinn gason yo. Chak gason ka paré 100.000.000 (san milion) ti jèm chak jou. Sa vlé di 20 foua pi plis pasé tout moun ki gin nan péyi Ayiti. Nan yon moua ou pa bézouin mandé konbyin ti jèm grinn yon gason ka paré ! Vrèman vré, grinn yo sé yon mèvèy ! Min, sé pa tout ti jèm yo kap gin chans sèvi pou bay lavi, tankou sé pa tout flè ki rivé bay foui.



Dézièm bagay grinn gason yo paré sé yon dlo éspésial, yon òmo-n ki rélé **téstostéròn.** Sé yon dlo grinn yo voyé nan san pou fòmé kò gason an. Pa égzanp: sé téstostéròn lan ki fè bab pousé nan manton gason, ki ba-l gran zépòl laj, épi ki fè gason gin gro voua.



Lè ti jèm yo fi-n paré, lè yo fi-n mi nan grinn yo, yo soti nan **kannal déféran** an. Kannal sa-a pa sèvi sèlman pou ti jèm yo pasé. Min, an minm tan, li sèvi tankou yon dépo pou ti jèm yo. Min dépo sa-a pa janm trò plin, paské jèm yo pa janm rété chita ladan-l. Pi fò nan yo fonn disparèt, gin lòt ki koulé déyò lannouit pou kont yo, épi gin lòt ankò kab fèt. Konsa, konsa, pa janm gin tròp nan dépo-a, jouk pou ta fè gason malad, jan moun yo konn di-a.

Kannal déféran an débouché nan irèt la. Min, li travèsé 2 glann : youn yo rélé **vésikil séminal.** Lòt la rélé **prostat.** 2 glann sa yo pral bay yon dlo

ki pèmèt ti jèm yo dépasé alèz. Sé dlo sa-a ak tout ti jèm yo ladan-l yo rélé déchay. Moun savé yo rélé-l éspèm. Konsa, éspèm lan, ou déchay, sé dlo ki soti nan glann vézikil séminal la plis dlo ki soti nan prostat la, plis ti jèm yo kap najé ladan-l.



Dlo ki gin ti jèm pou bay lavi-a pa koulé tout tan. Sé sèlman lè papa-a paré pou li lagé ti jèm yo nan vant manman an, vézikil séminal la ak prostat la pral paré pou bay dlo-a tou. Lè konsa, sé pou éspèm nan gin tan gonflé dèyè yon pòt ki nan irèt la. Lè éspèm nan gonflé dèyè pòt la, aprè yon ti tan éspèm la fòsé pòt la, épi li ponpé sot nan irèt la jouk dèyò. Sé sa yo rélé voyé, moun savé yo rélé-l **éjakilasion.** Voyé, sé lè éspèm la ponpé sot déyò.

Gin dé lè, min sa ki ka rivé. Etan yon gason ap dòmi, éspèm la ka gonflé dèyè pòt la pou kont li, épi li koulé déyò mouyé kabann lan, san nèg la pa konnin. Lè sa-a rivé, yo di nèg la voyé nan dòmi.
Si nou gadé désin an byin nap ouè, rivé yon koté, éspèm la ap pasé nan kannal pipi-a. Min, Bondié té fè tout bagay avèk bon konprann. Gin 2 pòt nan irèt la : youn pou pipi-a, lòt la pou éspèm lan. Konsa, yo pa ka pasé an minm tan nan minm kannal lan. Sa vlé di : lè gason an ap pipi, éspèm lan pa ka pasé. Lè sé éspèm ki vlé pasé, pipi-a bloké.

Lèfini, gin yon glann yo rélé glann Koupè (Cooper) ki 'chita bò kannal irèt la. Glann sa-a bay yon dlo ki sèvi pou lavé kannal irèt la jis anvan éspèm lan pasé. Bondié ranjé tout bagay ak lòd. Pati kap bay lavi-a pap janm mélé ak pati pou fè pipi-a.



Gin yon dènié pati ankò nan pati jénital gason an, sé pijon an. Moun savé yo rélé-l «vèj» ou pénis. Sé li ki pèmèt papa-a dépozé ti jèm yo nan vajin manman an. Pijon an gonflé, li kanpé, li vi-n di : yo di li bandé. Pijon an sé yon mis ki plin ti trou tankou yon éponj. Ti trou sa yo ka gonflé ak san. Sé poutèt sa, lè papa-a fè lidé bay manman an ti jèm yo, ti mis pijon an konmansé gonflé ak san, ki fè pijon an vi-n pi pouès, pi di.

Tankou pou fi yo, pati jénital gason yo pòkò ka travay lè gason an piti. Rivé nan laj 13 - 16 zan, gin yon gran boulvèsman kap fèt nan kò li. Lè sa-a, kò gason an ap chanjé anpil. Bra li ak janm li ap lonjé. Voua li ap vi-n pi fò. Bab li tanmin pousé. Yo rélé tan sa-a **kouasans.** Transfòmasion sa-a fèt gras-a yon dlo éspésial, yon òmo-n yo rélé tèstostéròn. Sé grinn yo ki paré dlo sa-a pou lagé-l nan san gason an. Sé lè kouasans la tou grinn yo konmansé paré jèm yo.

Gro sign ki fè yon gason konnin li rantré nan kouasans li, sé lè li ouè pou prémié foua li lagé kèk gout éspèm nan kabann li pou kont li, pandan lannouit. Dèpi lè ti jinnjan an ouè sa, li konnin li pa timoun ankò. Koulié-a sé yon gran gason, yon mésié li yé. Jou sa-a sé yon gran événman nan lavi li, yon bon nouvèl pou li ak tout fanmi-l. Sé yon sign ki di li an santé, épi pati jénital li konmansé travay an fòm.



Kò gason sé yon gro mèvèy tou. Fòk gason yo pran souin kò yo byin. Fòk yo binyin anpil nan gran dlo (lariviè, lanmè), sitou nan dlo frèt. Pou kò-a kapab byin dévlopé, fòk yo fè égzèsis fizik chak matin, pasé pou yo rété nan kabann yo tankou gro parésé kap chofé zorié anba dra. Sé pou yo pratiké tout kalité éspò, sitou sa ki mandé anpil fòs ak anpil jéfò (foutbòl, volébòl, karaté...)

Minm jan ak jinn démouazèl la, fòk gason an pa bliyé, sé pou li pran souin kò li byin pou li kapab fè bèl pitit an santé yon jou. Konbyin jinnjan kap gaté santé yo, nan fimin, nan bouè klérin, bouè ronm, san yo pa

sonjé tout tò yo ka fè pitit yo ak pitit pitit yo si yo rivé fè ! Paské avèk ti jèm yo, nou ka transmèt pitit nou yo tout bon kalité nou yo, ansanm ak tout défo ak tout maladi nou yo tou.

Fòk gason an gin yon kò ki solid, ki fò. Sé sa ki va pèmèt li itil fanmi li ak péyi li démin. Kò nou sé yon mèvèy, sé yon zouti ki gin plis valè pasé tout bagay. Si mésié-a pa joui santé, fanmi li ap nan traka.

Pa janm bliyé, ni kò fi, ni kò gason, sé zouti ki plin mèvèy. Sé pou nou dirijé yo avèk léspri nou, avèk volonté nou nan tout sikonstans lavi-a. Moun pa bèt. Yon bèt fè tout bagay san kalkilé, san gadé dèyè. Min, yon moun toujou ap chouazi. Gin bagay li ka fè, gin lòt bagay li pa ka fè. Sa-k fè sa? Paské yon moun gin léspri ki pou gidé-l. Yon bèt sé kouté lap kouté sèlman tandans li. Poutèt sa, yon moun pa fèt pou kité tout vié tandans, tout vié dézi pran tèt li. Sé léspri li ki dirijé kò-a, donminin kò-a jan li vlé. Sé pa kò li ki pou dirijé sèvo li.



Kounié-a nou fi-n ouè ki jan pati jénital fi yo ak pati jénital gason yo yé, nou kapab konparé yo youn ak lòt. Lè nou mété 2 pati jénital sa yo kòt-a-kòt, nou ouè yon koté yo toulédé sanblé, yon koté youn ka konplété lòt.

Yo sanblé, paské yon gason gin 2 grinn, yon fi gin 2 ovè. Grinn yo paré ti jèm yo, ovè yo paré ti zé (ovil) yo. Gason yo gin 2 kannal long yo rélé kannal déféran, ki minnin ti jèm yo déyò. Fi yo gin 2 kannal, youn adouat, youn agòch, yo rélé tronp ki minnin ovil la déyò. Gason an gin yon pijon ki pèmèt li dépozé ti jèm yo anndan fi-a. Fi-a gin yon bouboun pou-l résévoua ti jèm gason an. Min, fi-a gin yon pati an plis. Ki pati li yé ? Matris la. Nou ouè, fi-a gin plis pati pasé gason an. Pa-l yo pi konpliké tou. Sé sèlman fi ki gin matris. Paské sé nan matris la li poté ti pitit la pandan 9 moua. Aprè sa, nou kapab ouè kijan pati jénital gason an ak pati jénital fi-a youn konplété lòt. Pijon mésié-a sou déyò, min bouboun fi-a sé yon kannal ki anndan. Sa pèmèt pijon an antré dépozé ti jèm yo anndan kò fi-a.

Sé granmési pati jénital mésié-a ak pati jénital madanm lan yon ti bébé kapab pran lavi nan vant manman-l. Talè nou pral ouè kijan ti bébé-a dévlopé nan vant manman an. A ! sa sé yon bèl istoua !

III. Ti bébé nan vant manman li

Kounié-a nou fi-n konnin tout pati jénital yo byin. Konsa li pral pi fasil pou nou souiv tout mèvèy yon bébé ap fè nan vant manman li. Sa sé yon bèl istoua nou tout té viv lè nou tap pasé 9 moua nan vant manman nou, anvan nou té fèt. Pandan nap souiv bèl istoua bébé-a, sa pral fè nou ouè kijan nou té yé lè nou té piti. Laminm, sa pral fè-n sonjé tou moun ki té poté nou nan vant li avèk tout kè-l pandan 9 moua : manman nou.

Nou pa bliyé tou, si nou té vi-n sou tè-a, sé paské papa nou té rinmin manman nou, é li té ba li ti jèm ki gin pouvoua bay lavi-a. Nou té fèt nan lanmou papa nou ak manman nou.



Tout istoua-a konmansé, lè yon mésié ki rinmin madanm li anpil, dépozé éspèm lan ki chajé ak anpil ti jèm nan kò madanm li. Pandan ovil la chita nan tronp la ap tann, ti jèm yo konmansé maché monté al jouinn li. Ti jèm yo tou piti piti. Chimin an long anpil pou yo. Yo ka pèdi souf. Dabò, sé pou yo travèsé tout matris la, lèfini pou yo kasé monté nan tronp koté ovil la yé-a. Pi fò nan yo ap mouri nan rout. Yo ka pèdi souf. Sé sa-k pi gaya yo sèlman ki ka gin chans rivé bò koté ovil la yé-a.



jèm ki ginyin-an

Min, ovil la pap kité ti jèm lan fékondé-l konsa. Li byin protéjé. Li gin pliziè po ki vlopé-l. Ti jèm ki vlé fè youn avè-l la pap kapab antré anndan anvlòp la fasil. Anvan pou li jouinn mouayin antré chita nan mitan ovil la, sé pou li pèsé po yo youn aprè lòt. Min, dèské youn nan ti jèm yo rivé pèsé dènié po-a, tout lòt yo pap gin chans antré ankò. Ti jèm lan ap fè youn avèk ovil la. Sé lè sa-a nou di gin **fékondasion.** Dépi ti jèm lan antré chita nan mitan ovil la, laminm yon ti bébé konmansé viv, min li tankou yon ti zé toujou. Ti zé sa-a tou piti, min sé yon gro zafè. Paské li déja gin tout sa ki pou pinmèt li dévlopé, jouk li vi-n yon gran timoun. Bon ! annou ouè byin ki jan tout bagay pral pasé.



Nou té ouè prémié étap la, sé fékondasion : ti jèm la antré nan ovil la : yo fè youn. Lè sa-a zé-a pral divizé an 2, la bay dé zé minm jan avè-l. Epi yo chak pral divizé an 2 ankò, sa fè 4 ti zé. 4 ti zé yo pral bay 8, épi 8 yo pral bay 16, 16 yo pral 32, konsa konsa jouk nou vi-n gin yon pakèt ti zé kolé ansanm kòt-a-kòt. Antan pakèt zé-a ap dévlopé konsa, lap roulé maché nan dirèksion matris la. Paské pitit la konmansé bézouin manjé, li konnin sé nan matris la lap jouinn tout sa-l bézouin. Lap chaché yon koté pou-l ka fouré kò-l nan po ki anndan matris la. Lè li jouinn yon bon koté pou-l chita nan po-a, li mété yon bann ti rasi-n déyò pou pèmèt li pran manjé toupatou.



Lè zé-a fi-n chita nan po anndan matris la, anvan ou bat jé ouap ouè bébé-a gin tan ap grosi. Li ranjé kò-l nan yon sak pou protéjé-l. Gadé désin an. Nan mitan matris la nap ouè ti bébé-a kolé sou po anndan an. Li tou piti, sé vré, min sé li ki pral vi-n démin yon jinnjan osinon yon jinnfi tankou ou minm. Li pral grandi byin vit. Talè li pral pran tout matris la pou li.

Bébé-a gin 17 jou.



Lè bébé-a gin 3 sinminn nan vant manman-l, yo rélé-l **anbriyon.** Li tou piti piti toujou, li méziré 2 milimèt, longè yon ti trè konsa (⟷) Min malgré sa, sèyo li konmansé fòmé, rèl ao li konmansé parèt tou. Li pòkò gin bra ak janm, min yo déja ap boujonnin. Kè li tou déja fòmé. Lè pitit la gin 24 jou nan vant manman-l, kè li ap konmansé bat. Domaj manman an pa kapab tandé li, paské kè-a trò piti toujou. Pou jan manman an ta kontan tandé kè ti pitit la ! Min sèlman, li konnin li ansint, paské règ li pa parèt.

Bébé-a gin 5 sinminn.

Li ka gin minm pèz avèk yon fèy kayé, pa plis! Li méziré yon santimèt, ki vlé di minm longè ak sa-a (⟷) Li pa pi gro pasé yon grinn poua, min li gin tou sa li bézouin pou-l dévlopé. Nou ouè yon ti ronn noua nan tèt la. Ti ronn sa-a sé yon jé ki fèk ap parèt. Lè bébé-a gin 26 jou, bra li konmansé pousé. Epi 2 jou aprè sa, sé janm li kap tanmin pousé. Bébé-a déja gin pròp san pa-l. Kè li déja ap travay pou ponpé san an nan tout kò li. Li bat 65 foua chak minit.

Bébé-a gin 6 sinminn.



Li méziré (1,5) yon santimèt édmi, longè sa konsa (⟷) Nou kab ouè sou pòtrè-a kijan li yé nan yon ti sak, plin ak yon dlo klè. Li jouinn manjé li bézouin granmési yon ti kannal (kòd lonbrit la) ki maré li ak manman li.



Min pitit la, lè li gin 38 jou.



Gadé min li, 2 jou pita.



in pitit la, lè li gin 7 sinminn.
ouèt yo prèské fi-n bon. Yo parèt yon ti jan grosomodo toujou, min, yo
éja gin tras anprint yo.

'itit la konmansé gin yon bèl figi. Sòti nan 33 zièm jou-a pou rivé sou
4 èm jou, jé pitit la konmansé parèt aklè. Popiè yo ap fòmé, sèvo li gin
an fèt. Prèské tout figi li gin tan fi-n fòmé, avèk po bouch li byin trasé,
nachoua li byin ponmin. Si li ta louvri bouch li, nou ta ouè li déja gin
'on ti bout lang, ansanm ak rasi-n 20 dan li yo.

Bébé-a gin 2 moua é yon sinminn.

Li pézé 3 gram (pa plis pasé 3 fèy yon kayé). Li méziré 4 santimèt, longè
sa konsa ( ) Min, sé yon bébé tout bon li yé.

Li pa manké anyin. Sé grandi sèlman li bézouin grandi. Tout mis li yo anfòm, yo kouvri ak yon ti po fin. Tout pati ki nan kò li, kè, foua, vant, rin, ata sèvo li konmansé ap travay piti piti.



Pòtrè sa-a montré ki jan bébé-a granci daprè santimèt la pandan 8 sinminn.

Nan touazièm moua-a, bébé-a méziré 6 santimèt, longè sa konsa Li pézé 30 gram. Sé lè sa-a yo rélé-l fétis. Sé épòk sa-a bébé-a pral fi-n pran fòm li nèt.

Bèl ti zong ròz pral parèt nan douèt li. Pati jénital li yo tou pral parèt, pou montré sa li yé, si sé tifi oubyin tigason. Ti figi li konmansé bèl. Epi tou, sé kounié-a bébé-a ap konmansé fè mouvman. Lap joué pié li, lap louvri fèmin douèt min li. A ! lap débat ! li déja promèt anpil bagay !



Paské bébé-a grandi byin vit, li bézouin anpil manjé, anpil manjé. Chans pa li, lap jouinn tout sa-l bézouin la nan matris la. Nou té ouè kijan pitit la tap dévlopé anndan yon ti sak. Sak la pousé anpil rasi-n antré

nan po ki anndan matris la. Sé pòch rasi-n sa-a yo rélé **plasinnta** ou ankò **manman vant.** Nan plasinnta-a, ti bébé-a jouinn tout sa-l bézouin nèt pou nouri kò li. Plasinnta-a toujou ap triyé, ap chouazi nan san manman an tout bagay ki bon pou pitit la.

Nap mandé kouman bébé-a fè manjé? Inbin, bébé-a gin yon kòdon ki soti nan lonbrit li épi ki al ployé nan plasinnta-a (Gadé pòtrè-a byin). Yo rélé kòdon sa-a **kòd lonbrit.** Sé kòd lonbrit sa-a ki pinmèt bébé-a jouinn tout sa ki bon pou kò li nan plasinnta-a.

Gin 300 lit san ki pasé nan kòd lonbrit la chak jou al nouri kò pitit la. Kòd lonbrit la sé yon kannal ki gin anpil inpòtans pou lavi pitit la. Nou gin pou di manman nou mèsi anpil pou lavi li té ba nou an. Min, sé pou nou di-l mèsi anpil tou, pou tout nouriti nou té sousé nan san li pandan 9 moua nou té pasé nan vant li. Mèvèy Bondié !

Bébé-a gin 4 moua. Li byin vlopé anndan yon sak fin. Lap najé nan yon dlo. Li pa santi anyin, li alèz. Koté-l yé-a li pa santi frédi, li pa pran okinn chòk, li pa tandé okinn bri. Sé la li jouinn manjé ak tout sa-l bézouin san jéfò.

Lè pitit la gin **4 moua édmi,** li méziré 25 santimèt. Manman an ka santi lè lap fè mouvman ak kò-l. Pitit la rinmin sakajé kò-l, viré-l nan tout sans.



Lè li gin 5 moua, li pézé 300 gram (yon ti kal dépasé yon démi liv. Lap sousé gro pous li. Chévé tanmin ap pousé nan tèt li, sousi jé-l ap parèt nan fontinn tèt li. Kounié-a nou kab tandé kè-l ap bat. Sou 5 moua, ti bébé-a an fòm. Lè sa-a, lap fè yon pakèt mouvman. Lap voyé pié, lap fè lakilbit. Sé tout tan lap tripoté manman-l. Min, manman an pa janm plinyin, paské li byin kontan. Li santi ap poté nan vant li yon gro bébé byin an fòm. Dépi kounié-a li rinmin ti pitit la anpil.

Pitit la gin 6 moua. Li pézé 700 gram (près ké yon liv édmi). Li méziré 35 santimèt. Bébé-a pran bèl fòm, li vi-n ron, lap grandi.

Sou 7 moua, li gin tan pézé 1.300 gram (2 liv édmi). Bébé-a tèlman grosi li konmansé jinnin réspirasion manman an. Lap fè anpil mouvman ak min-l, ak pié-l. Li ka minm rivé kriyé. Lè pitit la rivé sou 7 moua, yo di li kapab viv. Sa vlé di, si li fèt lè sa-a, doktè ka ba li lavi. Lè sa-a,

yap méte bébé-a nan yon bèso éspésial ki fè pou bébé ki fèt anvan yo tèm. Pa bliyé sé aprè 9 moua yon bébé fèt pou soti nan vant manman-l. Si li fèt anvan sa, yo rélé-l «bébé ki pa tèm.»

Tout fanmi an ap tann pitit la konsa. Yo anvi ouè-l. Tout moun, ni papa ni lòt frè ak sè yo, yap fè tout sa yo kapab pou édé manman an, pou li pa fatigé kò-l tròp. Paské plis bébé-a ap grosi, papa-a ak lòt timoun yo ap ouété travay nan min manman an pou-l pa pran tròp fatig. Sé bèl bagay nèt, lè tout fanmi an ap tann ak kè kontan lè pou ti bébé-a fèt la !

Sou 8 moua, bébé-a méziré 45 santimèt, li pézé 2.500 gram (5 liv). Li pa ka fè gro mouvman ankò, paské li pa gin plas pou sa. Kò li pran tout vant manman an nèt. Min kanminm, li kontinié ap fè anpil ti mouvman toujou.

Kounié-a, bébé-a gin 9 moua, li pézé 3.500 gram (7 liv). Li méziré 50 santimèt. Bébé-a fi-n fòmé nèt, li bon, li prèt pou mét déyò. Sé poutèt

sa li gin tan mété tèt li sou anba nan vant manman-l. Lap paré-l pou-l soti. Ou pa bézouin mandé jan manman an anvi ouè pitit la ! Li bézouin ouè ti figi li, li bézouin konnin si sé gason oubyin fi, li bézouin ouè ak ki moun li sanblé. Kèk foua, manman an konn ap palé ak pitit la tou ba. Pandan 9 moua, li tap réfléchi sou lavni pitit la. 9 moua-a té long anpil pou manman an ! Min, pou bébé-a sé pa dé progrè li pa fè !

Nan konmansman, li té pi piti pasé yon ti grinn sab, épi kounié-a li vini yon gro bébé, yon bèl bébé ki pral dòmi titalè nan bèl ti bèso papa-l ak manman-l té paré pou li.





266 jou konsa aprè ti jèm mari-a té kontré zé madanm lan, lè-a ri vé pou pitit la tonbé atè. Matris manman an pa sèlman yon ti chanm pou protéjé pitit la, min, an minm tan an tou, sé yon gro mis ki pral travay pou pousé pitit la déyò, lè lè-a rivé. Akouchman konn pran yon bon ti tan. Paské, pou konmansé, fòk bouch matris la louvri piti piti, aprè sa pou bouboun lan laji, pou tèt pitit la kapab pasé ak tout rès kò li. Lè tout pasaj sa yo byin louvri, sé mis ki nan matris la ki pral pousé pitit la déyò. Akouchman an mandé pou manman an fè yon gran jéfò tou, pou-l édé mis matris la pousé pitit la. Chak jou lasians ap fè anpil progrè, sé sa-k fè kounié-a manman yo pa si tèlman gin anpil traka ankò nan afè akouchman an.

Ala yon bèl rékonpans pou yon manman, aprè tout jéfò li, lè li kab ouè bèl ti pitit li, li rinmin anpil dépi 9 moua déja !

Pitit la fèt. O ! fòk ou ouè jan prémié parèt pitit la parèt nan lavi-a difisil pou li ! Bébé-a anlè, anlè, li pòkò konn réspiré. Lè sa-a pitit la pral pété yon gro kout rèl. Sé alèkilé poumon-l yo pral plin ak lè, épi yo tanmin travay. Yap ralé lè, jété lè, tankou pa tout moun. Epi sa-k jinnin-l ankò, sé limiè, frédi ak bri. Koté-l té yé-a, li té alèz, li pat abitié ak bagay sa yo. Min, si pitit la vlé vi-n yon nonm, yon gran gason oubyin yon gran jinnfi, fòk li bliyé chalè manman-l, pou-l vi-n abitié ak anpil



bagay nan lavi-a. Manman-l pap toujou bò koté-l tout tan. Pitit la bézouin grandi pou kont li. Sé poutèt sa yo koupé kòd lonbrit la ki té maré pitit la ak manman an pandan-l té nan vant li-a.

Pita, chak foua pitit la vlé grandi tout bon, fòk li pa rété kolé nan kòsaj manman-l, min fòk li pran réskonsablité li sou do-l.

La minm pitit la fi-n fèt, yo lavé tout-kò li, yo pézé li, épi yo vlopé-l nan toual pou kinbé-l cho. Yo ba-l vaksin pou protéjé li kont divès maladi. Pitit la li minm, kounié-a, sé yon sèl bagay ki intérésé-l : sé dòmi. Sé dòmi ak manjé. Li grangou byin vit. Lap chaché tété manman an, li anvi tété. Li déja tou konnin ki jan pou-l fè sa. Manman an pa manké kontan bay pitit la bon ti lèt li-a ! Papa-a tou byin kontan. Lòt frè ak sè yo minm kontan : yo gin yon lòt ti frè oubyin ti sè pou yo joué. Tout moun kontan. Ti bébé-a fè kè tout moun kontan.

Pa kouè istoua bébé-a gin tan fini. Li pral pran anpil tan ankò. Papa-l ak manman-l gin pou rinmin-l anpil pou-l kab grandi, pou li minm tou li ka vi-n granmoun yon jou. Sé paské papa-a ak manman an té rinmin anpil ki fè pitit la fèt. Sé minm lanmou sa-a kap pinmèt pitit la gin bèl lévasion, pou-l grandi byin nan mitan papa-l ak manman-l. nan mitan tout fanmi-l yo, ak tout vouazinaj bò lakay li.

Yon jou pitit la va vi-n granmoun. Li minm tou li va bay lavi, li va gin pitit. Paské istoua bébé-a sé istoua ki konmansé dépi nan tan lontan, lè Bondié té kréyé prémié gason an ak prémié fi-a. Istoua sa-a la pou anpil tan ankò, li pap janm fini toutan gin gason ak fi sou latè.

IV. Sa yo rélé rinmin

α) Pi bèl rinmin ki ginyin

Rinmin.

Sé yon mo nou tout konnin. Sé yon mo ki nan bouch tout moun, yap répété chak jou toupatou. Rinmin, sé yon mo ki fè tout ti jinnjan ak jinnfi kontan lè yo tandé mo sa-a, minm si yo pa fi-n konprann sans li. A ! sé vré, oui ! Mo rinmin sa-a, sé yon mo ki abiyé ak tout kalité koulè, ki

pran tout kalité fòm, tout kalité sans ! Vrèman vré, gin anpil jan pou moun rinmin. Ki rinmin ki pi bèl ? Ki rinmin ki pi gran ?



Jozèf rinmin balon, boul, li rinmin joué foutbòl anpil.



Ti Séra rinmin péyi li. Li paré ti plant pou planté nan mòn, pou goumin kont érozion an.



Ti Yòt rinmin mango anpil.

Papa rinmin gran pitit fi li-a anpil.

Odèt rinmin fè pòtrè.

Jani-n rinmin bèl flè. Li toujou ap pran souin pié flè yo. Li rouzé yo, li nétouayé yo byin nétouayé. Li pa vlé ouè timoun vi-n raché yo san rézon.



Ti Pòl minm, li rinmin ti sè li yo. Li joué avèk yo, li pa janm fè yo kriyé.



Tousin Louvèti té yon ésklav ki té fèt nan yon bitasion touprè lavil Innrt. Aprè tou sa li té fè pou moun minm ras avè-l yo, yo té rélé-l «Prémié chèf moun ras noua yo.» Nou konnin sé frédi ak chagrin ki té touyé li nan péyi Lafrans koté fransè yo té dépòté-l. Li té si tèlman rinmin frè parèy li yo, li té sètin minm si li mouri, travay li té konmansé-a tap toujou fèt.

Nikòl rinmin Fransouaz, ti zanmi li-a. Youn pa janm maché san lòt.



Nou tout rinmin drapo péyi nou an. Nou toujou paré pou mouri pou péyi nou an kapab rété ak libòté granmoun li.

Josli-n rinmin étidié. Li toujou fè bèl nòt nan lékòl li. Chak lanné li toujou chanjé klas.



Ivon toujou ap palé sou granpapa li ki té agrononm. Li té dévoué anpil. Li fè vizit nan jadin tout moun pou montré yo travay tè yo byin, pou yo fè bèl rékòt. Yon jou, lè choual li roulé, li tonbé nan yon falèz, li mouri. Granpapa Ivon té rinmin abitan yo anpil.



Ti chat rinmin ti sourit anpil.

Jaklin ak Sélimèn sé 2 fiyansé. Yo rinmin anpil. Jaklin rinmin Sélimèn. Sélimèn rinmin Jaklin.

Tout timoun yo rinmin manman yo anpil.

Bon ! kilès nan rinmin sa yo ki pi bèl ?

Nan tout rinmin sa yo, nou kapab ouè, gin rinmin ki fè ri, gin lòt nou kontan ouè anpil. Gin kalité rinmin ki bèl, gin lòt kalité rinmin ankò ki gro zafè, gin rinmin ki bay san gadé dèyè. Li pa fasil minm pou nou klasé yo daprè valè yo, pou di min sa-k pi bon, min sa-k pi fò. Min, ann séyé fè sa !

Eské nou pa ouè rinmin Piè ak Déniz la kapab vini yon rinmin tout bon ? Youn nan pi bèl kalité rinmin ki ginyin an, yon bèl mèvèy ? Yon jou yap marié, sa vlé di, yap rinmin tèlman youn pap ka viv san lòt. Konsa yo pran désizion pou yo viv tout vi yo ansanm san youn pap janm kité lòt. Yo désidé pou youn toujou édé lòt, pou yo rinmin nèt alé jouk youn ka rivé bay vi li pou lòt la.

Lè yon gason ak yon fi rivé rinmin konsa tout bon vré, sa sé yon rinmin ki bèl anpil. Pèsonn pa kab pasé rinmin sa-a nan rizib. Sé bagay ki pou fè nou rété gaga. Kounié-a, sé sou rinmin sa-a nou pral palé, paské nou tout, sé rinmin sa-a ki ban nou lavi, sé yon bagay ki konsékan anpil.

b) Sé nan bèl rinmin sa-a nou fèt

Lanmou yon mésié ak yon madanm gin youn pou lòt, sé yon gro mèvèy. Paské sé lanmou sa-a ki bay lavi. Nou tout sé granmési lanmou sa-a nou fèt. Sé paské papa nou ak manman nou youn té rinmin lòt anpil ki fè nou vi-n sou tè-a. Sé vré oui, minm si kounié-a nou pa gin ni manman ni papa, minm si sikonstans lavi té blijé fè yo séparé, fòk nou pa bliyé yon tan yo té rinmin. Yo té rinmin anpil tankou 2 ti pijon, é sé lè sa-a nou té fèt.

Oui, anvan sa ,papa nou ak manman nou, sé jinnjan ak jinnfi lakay yo yo té yé. Yo chak tap viv nan fanmi pa yo. Epi yon bon jou konsa, yo kontré. E sé konsa bagay la té konmansé. Sé pa blag non ! Sé yon bèl istoua. Sé yon istoua ki té rivé tout bon. Sé granmési istoua sa-a ki fè nou kab viv sou tè-a jodi-a. Oui ! granmoun nou yo té kontré yon jou konsa nan lavi-a. Manman nou, lè sa-a té yon jinn démouazèl. Li té ouè papa nou té yon bèl gason, li té rinmin travay, li té gin kouraj, épi li té gin bon jan. Papa nou tou, té yon jinn gason, li té jouinn manman nou bèl, anfòm, byin élvé. Konsa youn té tonbé pou lòt, youn té fè lòt plézi. Yo vi-n dékouvri té gin yon santiman ki tap kouvé nan fon kè yo, yo vi-n konnin sa ki rélé rinmin. Sé konsa youn té rinmin lòt anpil.



Yo konmansé ap fè projè. Yo ouè yo kap viv ansanm youn ak lòt pou tout tan. Yo désidé pou yo mété tou sa yo ginyin ansanm : kit sé lajan, kit sé byin, kit sé kè kontan, kit sé lapinn. Yo antann yo pou youn bay lòt tou sa-l ginyin nèt : ni lidé ki nan tèt yo, ni kè yo, ni bouch yo, ni tout kò yo. Epi yo kouè, ansanm konsa, lavi-a ap pi bèl, yap kab rézoud p:ob'èm yo pi byin, épi tou ya kab travay pi byin pou yo rann lòt prochin yo plis sèvis.

Epi yon jou konsa, yal légliz, yo marié. Ala bèl, nòs la té bèl, papa ! Sé pa dé moun ki pat vi-n fété avèk yo ! Paské yo té vlé fè tout moun konnin ki jan yo té rinmin anpil. Sé lanmò asé ki va séparé yo. (Min tou, si problèm lavi té ka anpéché yo pasé kontra, li pa anpéché yo viv byin ansanm. Min, yo toujou sonjé pou yo pasé kontra yon jou).



Nan tout plan yo tap fè anvan mariaj la, gin youn yo té pito pasé tout : «Yon jou, sé pou yo gin yon ti pitit». Lè yap gadé timoun nan vouazinaj yo, yo té toujou ap di : Yon jou, nou minm tou, nap gin ti pitit pa nou. Lap pi bèl pasé timoun sa yo. Ou ouè ! dépi anvan ou té fèt, lidé papa ou ak manman ou tap travay sou ou. Epi jou soua yo té fi-n marié-a, papa-a bay manman an ti jèm ki bay lavi yo. (Sonjé !) A ! jou sa-a kè tou lédé té kontan anpil, sé té yon gro kontantman pou yo !

Yo té vi-n pi kontan toujou, lè manman an fè papa-a konnin : «M-kouè m-gin yon ti pitit kap fòmé nan vant mouin. O ! si ou konnin jan m-kontan ! Nou pral gin ti bébé pa nou». Oui, lanmou yon mésié ak yon madanm gin youn pou lòt, sé yon bagay ki pa piti, paské sé nan lanmou sa-a lavi sòti.

c) Sé nan lanmou papa ak manman nap grandi



Sé nan lanmou papa ak manman nou té fèt, sé nan minm lanmou sa-a nou doué grandi tou. Papa ak manman té kontan anpil lè nou té fèt. Yo ouè nou pòtrè ak yo. Nou sé donn lanmou yo. Yo soti pou yo rinmin nou anpil pou lavi, paské sé nan rinmin youn te gin pou lòt nou fèt, nou gin lavi.



Kèk foua ou ka jouinn yon timoun kap fè jalouzi, lè li ouè manman-l ak papa-l ap fè ti bo. Li pè pou yo pa bliyé-l nèt, pou yo pa rinmin-l ankò. Min, talè konsa timoun yo rivé konnin yo gin chans anpil lè yo ouè papa yo ak manman yo youn rinmin lòt anpil. Poukisa ? Paské, lè papa ak manman yo rinmin anpil, timoun yo konnin yap gin plis chans pou yo rinmin yo tou. Min, lè yo ouè papa ak manman nan batay, nan jouré tout tan, yo vi-n pè. Yo pè pou granmoun yo pa séparé, an minm tan pou yo pa al kité yo tou. (Si gin kont yon jou konsa, sa pap déranjé yo. Lang ak dan pa janm pa mòdé, min, sé pa dri.)

Sé sa-k fè, lè timoun yo ouè, papa ak manman ap viv tankou 2 ti pijon, kè yo pi pozé, pasé lè yo ouè yo toujou nan hinng-hanng. Anvan tout bagay, timoun nan doué viv, li doué grandi nan lanmou manman-l ak papa-l.

Sé vré oui, minm si toupatou tout timoun fèt nan lanmou papa yo ak manman yo, sé pa tout ki gin chans grandi nan lanmou yo. Tankou Ti Jak nan pòtrè-a, li lévé nan min grann li. Paské papa-l ak manman-l té pasé anpil maladi, yo té gin problèm kòb, yo pat kab okipé li jan yo ta vlé-a. Min Ti Jak grandi nan lanmou kanminm, nan lanmou grann li. Sé ta ka lakay yon tant, sinon yon marinn timoun nan lévé tou !

Tout jan, sé Bondié ki fè nou, paské li rinmin nou. Li ta vlé tout pitit li yo gin chans grandi nan lanmou, jouk yo rivé nan sièl la.

Sa ki sètin, timoun yo ta rinmin ouè papa ak manman yo viv byin youn ak lòt nan lanmou. Yo santi sa-k fè manman an rinmin ti bébé li-a anpil, sé paské li piti, li bèl. Sé vré. Min, sé paské manman-an rinmin mari li tou, é pitit la sé donn lanmou yo gin youn pou lòt. Konbyin foua papa ak manman nou mété nou sou janm yo, yo pran nou nan bra yo pou yo chofé nou ! Konbyin foua yo karésé nou, yo miyonnin nou, yo kajolé nou ! Konbyin foua yo konsolé nou, yo gaté nou, lè nap plédé kriyé san rézon! Aa ! Nou pa ka konté.

Yon manman kap travay anpil, kap fè kizi-n, kap lavé, kap pasé, kap nétouayé, kap koud, kap fè jadin, kap vann nan maché, li fè tou sa paské li rinmin mari li ak pitit li. Nap viv nan lanmou manman nou. E si nou pa gin manman, sé yon grann ousinon yon tant, oubyin yon lòt moun ki rinmin nou, kap éséyé ranplasé manman nou, pou ban nou tout sa manman nou té doué ban nou.

Min, nap viv nan lanmou papa nou tou. Minm jan ak manman nou, papa nou rinmin nou anpil. Min, li pa montré nou sa tankou manman nou. E si papa-a rinmin nou anpil, sé pa sèlman paské sé pitit li nou yé, paské nou sanblé ak li, min sé paské nou sé pitit madanm li rinmin anpil la tou. Timoun yo kontan lè papa yo ap joué avèk yo. Lè sa-a, yo konnin yap viv tout bon vré nan lanmou papa yo. E sa-k pa gin papa pou-l joué, li kapab gin yon tonton, yon parinn, yon gran frè, yon zanmi ki pi gran pasé-l pou joué avè-l, pou-l palé.

Min, éské papa-a pa montré nou li rinmin pitit li yo anpil, lè lap travay di pou yo, lè lap goumin pou jouinn pin nou bézouin chak jou-a ? Minm lè papa-a pa toujou koté timoun li yo pou karésé yo, lè li sòti akòz travay li, timoun yo konnin sé paské li rinmin ni yo, ni madanm li ki fè lap bat kò-l konsa. Nap viv nan lanmou papa nou tou.

Konsa, nou fèt nan lanmou papa ak manman nou, épi nou grandi ladan-l. Paské yon jou, papa nou ak maman nou té tonbé rinmin, sé sa-k fè nou vi-n sou tè-a. Sé minm jan tou pou frè ak sè nou yo. Konsa, nou vi-n fè yon kòt fanmi, sa vlé di yon kay koté tout moun ap viv nan lobéyisans la charité, paské youn rinmin lòt, yap viv youn pou lòt.

Nou konprann kounié-a poukisa, nan konmansman, nou té di nou lanmou yon mésié ak yon madanm youn gin pou lòt sé yon gro zafè, sé yon bèl mèvèy. Paské, lanmou sa-a kapab bay lavi, épi li kapab fè yon fanmi viv byin ak kè kontan, ak kè pozé. Sé poutèt sa, lè nou ouè 2 fiyansé, youn rinmin lòt tout bon vré, nou mèt sètin rinmin sa-a sé yon gro mèvèy.



Nou ouè kounié-a fòk yon moun manké konprann anpil, lè yo ouè 2 fiyansé ap maché ansanm, pou-l pasé yo nan bétiz. Moun ki fè bagay konsa, sé moun ki pòkò konprann kijan lanmou sé yon bèl mèvèy. Yo timoun toujou. Yo pòkò konn lavi, sé mò yo yé yo pa konn pri dra. Konsa, lè nou tandé zanmi nou ap di vié paròl sal sou lanmou, sou fi ak gason, konnin yo pòkò konprann anyin nan lamou. Yo rété timoun toujou.

d) An nou aprann rinmin

Aprann rinmin

Tout sa nou résévoua, sé granmési lanmou. Yon jou, nou minm tou, nou gin pou nou rinmin. Nou minm tou, nou gin yon kè, yon kè ki fèt pou rinmin. Dépi nou fèt, kè nou ap aprann rinmin tou dousman. Min sé pa fasil non, pou nou rinmin tout bon vré. E si gin anpil fanmi ki séparé, sé paské rinmin pa toujou fasil. Li bon pou nou aprann rinmin.

André di li rinmin mango anpil. Eské André konn rinmin tout bon vré ? Eské André gin lanmou nan kè li paské li rinmin mango ? Eské sé sa yo rélé lanmou, lè ou rinmin yon bagay pou tèt pa ou asé ? Nan jan sa-a mango-a ta pito yo pa rinmin-l. Paské sé dévoré André pral dévoré-l ak dan-l. André rinmin manman-l tou. Poukisa ? Paské manman-l té ba-l yon bonbon. Eské sé sa yo rélé rinmin ?



Yon ti bébé, éské ou kouè li rinmin manman li tout bon ? Poukisa li rinmin li ? Sé poutèt tété-a ? Nan kondision sa-a, sé pa manman an li rinmin, min sé dèyè intérè li jouinn nan manman an li yé, minm jan chat rinmin sourit pou li ka manjé. Ou sonjé ? Gin divès fason pou nou rinmin.

Piè rinmin zanmi li Pòl anpil. Piè konn di : «A ! zanmi mouin, Pòl, sé li ki pi gro nèg nan katié-a. Atansion oui, moun ki vlé chèché-m kont lan, si-l pa vlé pilé si-m té konnin !» Poukisa Piè rinmin Pòl konsa ? Eské Piè konnin rinmin vréman vré !

Papa, li minm, li konn rinmin tout bon. Lè li pati al nan travay tout lajounin, sé pa poutèt pa li sèlman li fè sa, sé sitou pou pitit li ak madanm li. Lap poté lajan nan kay la pou okipé fanmi an. Li bay tou sa-l ginyin. Li konn rinmin tout bon vré, paské li pa rimin tèt li anvan, tankou Piè.

Lè ou rinmin, prémié bagay ou chaché, sé byin pou moun ou rinmin an, minm si kèk foua ou blijé fè li lapinn. Gadé Sintil ki sòt résévoua kanè-l lékòl. Yon kanè avèk anpil mové nòt ladan-l, paské Sintil té fè parésé, li pat vlé travay. Kisa papa-l fè-l. Li zalé zorèy li. Sintil ap kriyé. Li kouè papa-l pa rinmin-l. Eské sé vré ? Non! Okontrè, sé paské li rinmin pitit li, ki fè li palé konsa ak li. Jan papa-a ta kontan ouè Sintil vi-n pita yon nonm ékléré ! Manman an bò koté pa-l, kisa li fè ? Lap konsolé Sintil pou li pa dékourajé nèt. Li minm tou, sé byin li vlé pou Sintil. Kilès nan 2 moun sa yo ki rinmin Sintil ? Nou mèt sètin, sé tou lédé. Min, gin divès fason pou moun rinmin.



Yon gason ki rinmin al nan sinéma lavil, di yon lè : «Rinmin, sé bo yon fi». Eské sé sa ki rélé rinmin vrè ? Yon moun kapab bay yon bo, san li pa rinmin lòt la pou sa. Sa kapab plézi tèt li lap chaché nan bo-a, san li pa chaché fè lòt la plézi, ni li pa rinmin-l tout bon. Sé toujou konsa nan sinéma. Sé poutèt sa, nou doué gin pitié pou jinn bouay sa yo kap plédé di yo rinmin tèl fi, min sé plézi pa yo sèlman yap chaché.



Okontrè, gadé lanmou yon manman pou yon papa. Pou fè papa-a plézi, manman an konn pasé rad li yo byin bèl. Konsa, li chaché fè sa ki pou bay papa-a kè kontan, sa ki pou fè-l plézi. Rinmin sé dévouman.

La minm papa-a fè manman ouè jan li kontan. Li aksépté bèl travay la ak kè kontan. Paské rinmin, sé pa sèlman bay, min sé aksépté lòt moun fè pou ou, sé résévoua tou. E pou di madanm li mèsi, papa-a bo li. Sa vlé di : Ala yon bon madanm mouin gingnin la-a ! mouin rinmin ou, mouin di ou mèsi.»

Nou déja gin laj pou nou aprann rinmin. Moun ki toujou nan kont, nan voyé ròch, nan jouré, nan bay kout pié, nan maltrété sa-k pi piti, moun konsa sé pa moun kap aprann rinmin. Ou pa konnin, pa ta gin tout goumin sa yo ak lagè sou latè si tout moun té aprann rinmin pi byin.

Fransoua té rémaké gin yon élèv nan lékòl la ki té toujou a-pa pou kont li. Piès moun pat vlé joué ak li. Fransoua té désidé pou pran li pou pi bon zanmi li. Ou mèt sètin, pita Fransoua va kapab rinmin tout bon.

Tana rivé konprann pou rinmin manman li, sé pa sèlman karésé-l, fè-l konpliman, di-l bèl mèsi, min sé sitou édé li nan travay li, fè ti sèvis pou li ak kè kontan, san bougonnin. Tana va kapab rinmin tout bon vrè dinmin.

Jan Batis jouinn yon bon léson. Li kontan pou zanmi li yo byin konprann tou. Nan lékòl la Jan Batis pa janm fè kras pou prété ti zanmi lékòl li yon plim, yon kréyon, oubyin pou ba li yon fèy kayé. Pita, Jan Batis ap konn rinmin. Si dépi kounié-a ou pa kapab fè yon ti sakrifis pou édé yon lòt ki nan problèm, kijan ouap fè pita pou ou rinmin madanm ou, oubyin mari ou, ak tout timoun ou yo !

Gason ak fi kapab aprann viv ansanm san problèm, san dézòd. Yo kapab fè zanmi san anyin dèyè tèt yo. Sé konsa youn ap aprann konnin lòt pi byin, youn ap aprann réspékté lòt. Sé konsa tou yap aprann sa ki rélé rinmin tout bon an.

Konsa tou, moun ki sonjé tèt yo asé, kap pran plézi yo pou kont yo, ki pa nan patajé anyin ak pèsonn, ki vlé pou yo toujou profité nan tout bagay, san yo pa sonjé lòt yo, moun konsa pap janm kapab rinmin tout bon dinmin. Yap toujou vlé tout pou yo, anyin pou lòt yo.

Gin divès okazion pou nou aprann rinmin. Pa égzanp, pandan rékréyasion nan lakou lékòl la, fòk nou joué byin avèk zanmi nou, san fè kòkin. Lè nap joué foutbòl, nou mété tèt ansanm youn ak lòt, nou aprann pèdi san rontèz, nou aprann gingnin san lògèy. Sa fè tou nou rinmin ékip la pi plis. Nou joué ak tout kè nou, pou nou vi-n gin plis ladrès, é sitou pou nou toujou pi byin. Lè nap joué ti piès téyat tou, sa kap dévlopé zamitay lakay nou youn pou lòt. Oui, tou sa nap fè an group, sa fasilité nou korijé vié tanpéraman ki lakay nou, pou nou konprann lòt moun (gason

oubyin fi) kap viv bò koté nou, é pou nou vi-n rinmin yo tout bon vrè. Min, prémié bagay pou nou konprann : rinmin sé pa pran, sé bay. Lè ou fi-n konn bay, ou aprann résévoua. (pa pran) !



Pi bèl égzanp nou kap jouinn nan afè rinmin an, sé Jézikri, ki té rivé aksépté mouri sou lakoua pou sové tout moun. (Pòtrè sa-a montré nou Jézukri ak ti chinoua yo). Lè tout moun va pran modèl sou li, pou yo sispann fè rayisab, pou youn vi-n rinmin lòt tout bon, ala bèl sa va bèl sou tè-a !

SANS KEK MO

Anbriyon = Lè bébé-a gin 3 sinminn nan vant manman-l.

Ejakilasion = Sé lè éspèm lan ponpé nan irèt la sot déyò.

Espèm = Sé déchaj la, sé dlo ki soti nan vézikil séminal yo ak prostat la. Sé nan dlo sa-a éspèmatozoyid ap najé.

Espèmatozoyid = Sé jèm gason an. Jèm sa yo soti nan grinn gason an.

Fékondasion = Lè yon jèm gason rantré nan zé fi-a pou fè youn avè-l.

Fétis = Lè bébé-a gin 3 moua.

Glann = Sé yon pati nan kò nou ki paré yon dlo.
Dlo sa-a kab soti déyò (pa égzanp : dlo nan jé nou, saliv nan bouch nou). Oubyin dlo sa-a pasé nan san an. Dlo ki pasé nan san an moun savé yo rélé-l òmo-n.

Irèt = Kannal pipi-a.

Kannal déféran = Sé kannal ki minnin jèm gason yo sot nan grinn yo, pou yo rivé nan kannal pipi-a.

Kouasans = Sé lè pati jénital yon fi oubyin yon gason konmansé travay. Lè tifi-a rivé laj 12 - 15 zan, kò li sibi yon pakèt boulvèsman, yon pakèt transfòmasion. Min, pi gro sign pou montré yon fi rivé nan kouasans li, sé lè li ouè règ li parèt.
Pou yon gason, pi gro sign li rivé nan kouasans li, sé lè yon jou matin, li ouè li té voyé nan kabann li.

Kòd lonbrit = Yon kannal ki soti nan plasinnta-a rivé nan lonbrit ti bébé-a. Sé kannal sa-a ki pinmèt ti bébé-a nouri kò-l avèk tout bon vitami-n ki soti nan san manman an.

Kromozom = Yon bann ti fil ki nan nannan zé fi-a é ki nan nannan jèm gason an, ki fè pitit la sanblé ak paran li yo.

Matris = Chanm ki anba ti vant yon fi. Lè yon madanm gro vant, sé la pitit la chita pandan 9 moua grosès la.

Yon lòt non pou matris la sé itéris.

Mis = Yon viann ki pinmèt zo yo fè mouvman nan kò-a.

Ovè = 2 ti boul grosè yon grinn zanmann anndan vant fi. Sé yo ki bay ovil la chak moua.

Ovil = Ti zé fi-a. Li soti nan youn nan ovè yo.

Ovilasion = Sé lè ovil la fi-n mi, li kité ovè-a pou-l pran chimin tronp la.

Omo-n = Yon dlo éspésial ki pasé nan san an.
Téstikil yo, ovè yo sé glann yo yé ki voyé yon dlo nan san an.

Omo-n téstikil la paré, moun savé yo rélé-l téstostéròn.

Pati jénital = Pati nan kò gason ak fi ki sèvi pou fè pitit, pou bay lavi.

Périòd = Sé tan ki pasé ant dènié lè fi-a té gin règ li avèk lè li pral gin règ li ankò.

Plasinnta = Manman vant : sé pòch rasi-n yo ki chaché nan san manman an tout nouriti ti bébé-a bézouin.

Po matris = Po fin ki kouvri anndan matris la.

Téstikil = Sé 2 grinn ki pann nan fant janm yon gason. Sé yo ki paré jèm yo, jèm papa-a ki pou kontré zé manman an pou pitit la fèt.

Téstostéròn = Yon dlo éspésial, yon òmo-n, grinn gason yo (téstikil) paré pou lagé nan san gason an, pou fè kò li dévlopé (pousé bab, laji zépòl li, bay gro voua).

Tronp = Kannal ki sèvi pou ovil la pasé sot nan ovè-a rivé nan matris la.

Vajin = Boubou-n sé yon kannal ki anba ti vant yon fi. Li sèvi pou résévoua ti jèm mésié-a, ki pral monté kontré ak zé madanm lan pou pitit la kap fèt.

Vèj = Sé pati ki pinmèt papa-a dépozé ti jèm yo anndan vajin manman an. Li gin divès lòt non : pénis, ti pijon

Yon gro mèsi

Yon gro mèsi pou Pè Rojé Dézi, ki té fè anpil ti korèksion nan travay la.
Yon gro mèsi pou tout moun ki édé nou nan pòtrè yo :

Drs François et Michèle Guy, I.R.E.C. Frans, 34a, 38a, 40.
Haitsma-Mulier van Beusekonn, Levensrecht, Olann, 23a, 36a, 36b.
Geraldine Lux Flanagan, Frans, 33a, 34b, c. 35a.
Lennart Nilsson, Ciba, Olann, 35c, 37
Don Mohr, Ayiti, 8a, 28a, 50b.
Pè Joris Ceuppens (Bon Nouvèl) 25b, 26b, 44b, 44c, 45a, 45c, 51b, 54a, 55a, 57a, 61c.
Wallace Turnbull Junior, 20a, 46b, 53a.
Caritas Venezolana, Pè Armel Duteil, Pè Déni Sonè, Sè Ermine, Pè Roland Lussier, Pè Horace Noël, Pè Antoine Richert,

Yon gro mèsi pou désinatè «Fanfan»
Yon gro mèsi pou Pè Déni Sonè, ki té bay pèmision pou tradoui liv li-a.
Yon gro mèsi pou zanmi yo nan péyi Olann ki té bay lajan pou fè tout travay sa-a.

Nou gin lidé pou nou pibliyé kèk lòt liv. Si yon moun gin lòt pòtrè, nou ta byin kontan résévoua yo. Nou bézouin anpil lòt pòtrè ki fèt an Ayiti !

Min adrès nou : Action Familiale d'Haïti
Rue des Casernes No. 65
B. P. 538
Port-au-Prince
Haïti

Imp. LA PHALANGE